



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 3/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$17 MILYON DOLA POU BATI PLIS PASE 700 INITE LOJMAN KI PA CHÈ AK OPÒTINITE PWOPRIYETÈ NAN ETA**

***Anons ki Te fèt nan Lojman Binghamton, nan Konferans Devlopman Kominotè ak Relijye ki baze sou lafwa fèt pou Ogmante lojman a bon mache epi revitalize Katye yo toupatou nan Southern Tier***

***Prim yo gen ladan plis pase \$1 Milyon pou ede rezidan Southern Tier yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$17 milyon nan prim pou òganizasyon non pwofi ak minisipalite yo pou kreye plis pase 700 kay a bon mache ak nouvo opòtinite pwopriyete toupatou nan eta. Anons sa a te fèt pandan yon Konferans Kominotè ak Relijye sou Devlopman Lojman nan Eta New York. Konferans lan se youn nan yon seri reyinyon ak atelye travay ki fèt pou yo pote ekspètiz ajans eta ak resous dirèkteman bay rejyon yo. Objektif li se pou ede òganizasyon lokal ak patnè devlopman yo nan kreye lojman a bon mache, bay sèvis sosyal, ak relanse kominote anba lavil yo.

“Kòm nap travay pou ranfòse ekonomi Upstate la, Eta New York dwe sipòte inisyativ pou devlope opsyon lojman a bon mache ak opòtinite pou pwopriyete, espesyalman nan zòn defavorize riral yo,” **Gouvènè te deklare.** “Lè nou fè investisman san parèy grasa Inisyativ Revitalizasyon Pati Nò a epi travay etwatman avèk òganizasyon non-pwofi ansanm avèk patnè relijye yo, nap pote resous gouvènman dirèkteman a lokalite yo kidonk yo ka gen aksè a zouti ak enfòmasyon yo bezwen pou revitalize kominote yo.”

Prim jodia ap finanse 51 pwojè nan tout eta epi ogmante \$23.9 milyon anplis nan finansman piblik ak prive pou ede rezidan yo nan pati iben ak kominote ki defavorize yo nan eta. Yo sipòte reyabilitasyon ak amelyorasyon 469 kay, konstriksyon 18 nouvo kay, epi bay èd pou peman inisyativ pou ede 224 fanmi reyalize rev pwopriyete yo. Yo bay finansman yo atravè pwogram New York State Home and Community Renewal’s HOME, sa ki fèt pou ogmante lojman a bon mache ki ansekirite ak desan toupatou nan eta.

Prim yo gen ladan plis pase \$1 milyon pou amelyore ak repare 46 kay rezidan yo nan Southern Tier:

- **\$300,000 pou First Ward Action Council, Inc.** pou ede 15 pwopriyetè ki gen revni fèb anpil nan Konte Broome avèk renovasyon lojman ki gen ladan korije risk sante ak kreye kay ki pi enèji efikas
- **\$400,000 pou Community Progress, Inc.** pou bay renovasyon pou jiska 15 pwopriyetè ki gen revni fèb toupatou nan Konte Chemung, Schuyler, ak Steuben
- **\$400,000 pou Opportunities for Chenango, Inc.** pou bay mezi konsèvasyon enèji ak reyabilitasyon pou 16 kay ki gen revni fèb

Klike [la](#) pou jwenn yon lis enstitisyon ki resevwa sibvansyon yo.

### **Accelerating Southern Tier Soaring**

Anons jodia akselere “Southern Tier Soaring,” plan pou devlope rejyon an ak avanse ekonomi an. Eta a deja investi plis pase \$3.1 bilyon nan rejyon an depi 2012 pou sipòte plan an –atire yon mendèv ki gen talan, devlope biznis ak kondwi inovasyon. Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi avan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Binghamton, Johnson City ak Corning kòm yon destinasyon pou grandi ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring avèk yon investisman \$500 milyon Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo investi plis pase \$2.5 bilyon – e plan rejyon an, jan yo te soumèt li, pwofite jiska 10,200 nouvo djòb. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib [isit la](#).

**Senatè Fred Akshar te deklare,** “Pandan twò lontan, Southern Tier te gen difikilte pou fòje yon wout pou pwosperite. Mwen ankouraje pa resan anons Gouvènè a pou konbine investisman nan Southern Tier. Se yon bon siy pou kominote nou yo nan Upstate.”

**Manm Asanble Donna Lupardo te deklare,** “Nap kontinye rebati rejyon nou an nan divèsifye ekonomi nou an, atire nouvo biznis, ak revitalize ekonomi nou an. Bon jan kalite lojman a bon mache se yon konpozan enpòtan nan efò sa e mwen ta renmen remèsye Gouvènè a paske li te fè investisman enpòtan sa pou ede asire ke fanmi yo gen yon plas desan pou yo viv.”

**Egzekitif Konte Broome Debra Preston te deklare,** “Kreye plis lojman a bon mache sipò revitalizasyon ankou tout rejyon an. Nap pote nouvo lavi nan ansyen bilding yo, amelyore katye yo, ak elaji opsyon lojman nan Konte Broome. Finansman Gouvènè a te anonse jodia montre objektif pataje nou pou bay opòtinite ekonomik pou tout moun, e mwen remèsye Eta paske li kontinye angajman an.”

**Majistra Binghamton Richard David te deklare,** “Anpil gwo bagay ap fèt nan Binghamton ak toupatou nan rejyon nou an, e sa se sèlman kòmansman an. Mwen vle remèsye Gouvènè a paske li te konvoke ajans yo isit la jodia. Konferans sa ap rasanble ansanm òganizasyon yo, fè gouvènman an vin pi aksesib, epi ede rezo òganizasyon

debaz nou an pou fè yon pi gwo diferans nan lavi rezidan Southern Tier yo.”

Konferans jodia, ki te fèt nan Binghamton University, te òganize ansanm avèk New York Homes and Community Renewal, Biwo Sèvis Devlopman Kominotè relijye Gouvènè a epi Inite Koòdinasyon a bi non likratif. Reprezantan ki soti nan divès ajans eta a, epi ki gen ladan Biwo pou Sante Mantal, Biwo Asistans Tanporè pou Moun ki gen Andikap, Depatman Sante, ak Devlopman Empire State yo te prezan tou.

Patisipan lokal yo gen ladan devlopè lojman, òganizasyon non-pwofi, ansanm avèk òganizasyon yo ki baze sou lafwa. Ansanm gwoup ki te patisipe yo nan atelye travay la te kouvri sijè tankou:

- Devlope patenarya ant devlopè lojman a bon mache ak non-pwofi yo
- Opòtinite Ekonomik ak devlopman patenarya
- Ogmante tit pwopriyete nan Southern Tier
- Revitalizasyon Kominotè ki gen siksè

Konferans Binghamton te vini apre konferans yo ki te fèt nan Utica nan mwa Oktòb ki sot pase a ak nan Rochester nan Desanm. Konferans yo santre sou devlope kapasite òganizasyon non pwofi ak sa ki baze sou lafwa toupatou nan eta epi fè gouvènman an vin pi responsab ak aksesib.

**James S. Rubin, Komisyone/PDG New York State Homes and Community Renewal te deklare,** “Finansman Gouvènè a te anonse jodia pèmèt prezizeman patenarya ke nap pale jodia. \$17 milyon nan prim lojman amelyore kay ak kominote yo, bati sou elan ak resous enpòtan Gouvènè a te deja angaje nan Southern Tier. Si te janm gen yon tan espwa ak optimis osijè lavni, tan sa se kounye a.”

**Direktè Egzekitif ak Komisyone Adjwen Biwo Sèvis ki baze sou lafwa ak Devlopman Kominotè Karim Camara te deklare,** “Lansamn konferans sa yo pa Gouvènè Cuomo ane pase te enpòtan e atan e gen yon bezwen pou pote kominote a ki baze sou lafwa ansanm avèk gouvènman eta pi pwòch. Lidè yo ki baze sou lafwa te istorikman nan sant pou reponn a bezwen moun yo nan kominote yo. Lè nou kolabore nou ka konprann pwoblèm lokal yo pi byen epi sipòte travay yo. Se yon viktwa pou tout moun.”

**Kowòdinatè Sèvis Interagency for Not-for-Profit Fran Barrett te deklare,** “Mwen aplodi Gouvènè a paske li etabli seri konferans yo nan eta. Yo bay yon fowòm dinamik pou nou gen yon dyalòg lib pou òganizasyon non-pwofi yo epi transfòme nouvo lide yo an reyalite.”

**Komisyone Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Moun ki gen Andikap Samyèl D. Roberts te deklare,** “Fè patenarya etwat avèk òganizasyon ki baze sou lafwa ak non-pwofi lokal yo enpòtan pou devlope lojman a bon mache, revitalize kominote yo ak ogmante opòtinite ekonomik pou tout moun. Gouvènè Cuomo a jis tit rekonèt enpòtans kalite kolaborasyon sa e lap kontinye ranfòse kalite apwòch sa nan

kominote yo nan eta. Mwen rekonesan paske m gen opòtinite pou patisipe nan diskisyon jodia.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418